



Plon

Enfòmasyon pou pwopriyetè yo

Updated 3/7/19

Ki sa lwa Massachusetts sou plon an ye?

- Lwa Massachusetts sou plon an la pou pwoteje timoun kont anpwazònman akoz plon.
- Lwa sou plon an egzije pou yo retire oswa pou yo kouvri nenpòt penti ki gen plon nan tout kay ki bati anvan 1978 kote timoun ki poko gen 6 an rete. Penti ki gen plon se gendwa yon penti ki gen plon k ap dekale yon kote oswa yon penti ki gen plon sou yon fenèt oswa sou chanbrann yon pòt.
- Se pwopriyetè a oswa mèt kay la ki responsab pou obeyi lwa sou plon an. Li gen obligasyon pou l pran dispozisyon pou kay la pa gen danje akoz plon si yon timoun ki poko gen 6 an rete la.

Ki jan m fè konnen si kay mwen gen plon ladan l?

- Si yo te bati kay la anvan 1978, li gendwa gen plon ladan l. Mande yon enspektè plon prive oswa Boston Childhood Lead Poisoning Prevention Program (BCLPPP) vin enspekte kay la.
- Pou konnen si liy sèvis ki antre lakay ou gen plon ladan l, gade kat liy sèvis ki fèt ak plon Boston Water and Sewer Commission (BWSC) sou www.bwsc.org oswa rele nan 617-989-7888.



Èske mwen ka refize lwe yon moun kay la oswa mete yon moun deyò si gen plon nan kay la?

Non. Selon lwa eta MA yo ak lwa ki rele Federal Fair Housing Act, ou PA GEN DWA pou w refize lwe yon moun kay la ni pou w mete yon lokatè deyò si l gen timoun oswa si kay la gen plon ladan l.

Antanke mèt kay la, se ou ki responsab pou w korije kèlkeswa danje ki gen rapò ak penti ki gen plon nan kay la.

Si w refize lwe yon moun kay la oswa si w mete yon moun deyò poutèt li gen ptit oswa poutèt gen plon nan kay la, se diskriminasyon ou fè. Si w fè sa, yo gendwa mennen w lajistis. Rele Boston Office of Fair Housing & Equity nan 617-635-2500 si w gen kesyon.



617-534-5965



1010 Massachusetts Ave
Boston, MA 02118



bphc.org/leadpoisoning



leadpoisoning@bphc.org

Mwen gen yon liy sèvis ki gen plon ki antre nan kay la. Ki sa pou m fè?

Ranplase I ak yon nouvo liy sèvis.

Boston Water and Sewer Commission (617-989-7888) prete moun kòb san enterè e li finanse pwojè pou fè travay ranplasman sa a.



Gen penti ki gen plon nan kay la. Ki sa pou m fè?

1 Idantifye resous k ap ede w jwenn kòb pou retire plon an. Gen resous ki disponib pou ede w.

- Lead Safe Boston: Yo bay moun kòb e yo detèmine sa y ap ba w selon kantite apatman ou genyen nan biling nan. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan 617-635-0190.
- MA Lead Paint Removal Tax Credit: Avèk yon lèt ki deklare ou te retire tout plon nan kay la, ou ka jwenn yon kredi enpo lè w voye deklarasyon enpo eta w la pou chak depatman ou te retire plon ladan l. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan 617-635-0190.
- Get the Lead Out: Yo bay moun yon finansman ki pa koute chè anpil pou retire penti ki gen plon. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan 617-843-6432.
- Home Improvement Loan Program: Yo prete moun kòb ak yon enterè ki piti pou ede yo amelyore kay yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan 617-854-1000.
- HUD 203 (K) Program: Yo bay refinansman ipotèk e yo prete moun kòb. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan 800-225-5342.

2 Envizaje pou w fè travay la poukont ou. Depi yo jwenn yon bon fòmasyon, pwopriyetè yo ka elimine kèk danje ki gen rapò ak plon poukont yo. Yo rele sa retire plon ak yon risk ki modere.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa oswa pou enskri nan yon kou fòmasyon pou retire plon ak yon risk ki modere, rele Boston Childhood Lead Poisoning Prevention Program nan 617-534-5965.

3 Angaje yon pwofesyonèl ki jwenn yon bon fòmasyon ki sètifye pou retire plon.



Yon moun ki pa t suiv yon bon fòmasyon ka mete moun ki viv nan kay la an danje akoz espozisyon anba plon an.

Boston Public Health Commission ak MA Department of Labor Standards (DLS) gendwa poze yon seri aksyon kont pwopriyetè yo si yo fè yon travay san yo pa pran prekosyon sekirite ki nesesè yo.

4 Angaje yon enspektè plon ki gen lisans pou l fè yon enspeksyon plon. Si w te retire tout danje ki gen rapò ak plon yo, enspektè a ap voye w yon lèt ki deklare ou te retire tout plon nan kay la.